ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№155 (23.563) ● 2017 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балкъэрым щыщ спортсменкэ цIэрыIуэ Ласицкене Марие екъуэхъуащ атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпионатым зэрыщытекIуамкIэ

КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балкъэрым щыщ спортсменкэ цIэрыIуэ Ласицкене (Кучинэ) Марие екъуэхъуащ атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпионатым льагагъым елъэныкIэ дыщэ медаль къыззрыщиихьамкIэ:

«Зэрыщыту ди къэралыр, апхуэдэу и лъахэгъуэхэр - Къэбэрдей-Балкъэрым щыпсэуэхэр - пIейтейуэ зыкIэлъыплъа Марие, Лондон щытекIуэри, езыр зыхэт спорт лIэужьыгъуэмкIэ дуней псом тIэунейрэ и чемпион хъуащ.

Ар текIуэныгъэ гъэзэджэщ. Апхуэдэ екъулIэныгъэмкIэ Марие аргуэру зэ щыхьэт техьауащ урысей спортсменхэм зэфIэкIыщхъэ зэрабгъэдэлъым. Си гуапэу абы сохъуэхъу!» - инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым иритхащ республикэм и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балкъэрым и ухуакIуэхэмрэ Iэнатlэм и ветеранхэмрэ я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ

КIуэкIуэ Юрий инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым республикэм и ухуакIуэхэмрэ Iэнатlэм и ветеранхэмрэ я махуэмкIэ щекъуэхъуащ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ ухуэныгъэмкIэ и комплексым и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! УхуакIуэм и махуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу икIи фIыщIэ фхузощI фи къару фемыблэжу лэжьыгъэм фызэрыпэрытым, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхэфщIыхьым папщIэ. Фэ фи фIыщIэкIэ ди къалэхэмрэ къоущIэрэщIэж, иджырей инфраструктурэр зэтоувэ.

Хэхауэ фIыщIэ яхузощI зи щIэныгъэмрэ Iэщ1агъэ куэмрэ ухуакIуэхэм я иджырей щIэблэр хуэзыуций ветеранхэм.

Республикэм и унафэщIхэр ухуэныгъэмкIэ индустрием адэкIи зыхуей псомкIи дэIепыкъунущ, абы зэпымыууз зиужьын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэрагъэпэщынущ.

Узынщагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фиIэну, фызыпэрыт Iэнатlэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыфхьыну си гуапэщ», - къыщыгъэлъэгъуауэ хъуэхъум.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балкъэрым и унафэщIхэр яужь итщ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Тырныауз къалэм ятIэпс къызэрыдэуам къиша щытыкIэр гъэзэкIуэжьым

Къэбэрдей-Балкъэрым и куршхэм щызэтелъ мылхэр зэрыткIум къишащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыщ Тырныауз къалэм ятIэпс къыщIэуэныр. Абы лъэс лъэмыжыр трихыпащ, «Прохладный - Азау» федеральнэ гъэзэгр зэхуащIащ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщым мурадкIэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ пэрытщ зэзыгъэпэщыж бригадэхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр гъэзэкIуэжьым хуэгъэпса Iэнатlэхэмрэ. А щIыпIэм кърагъэIэпхъуэкIащ цIыху щищ. Аэр пIалъэкIэ щыпсэун щIыпIищым щIагъэззэгъащ, транспортыр а щIыпIэм къыпекIуэкI гъэзэгуэмкIэ зокIуэ.

КъызэрымыкIуэ щытыкIэ къыщыхъуа щIыпIэм щыIэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий.

Iэщ1агъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Герхожан-су псыхъуэми ятIэпсыр къыдэуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

ТхьэкIушынэм и музей

Политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и махуэ лъапIэм ирихьэлIэу, Мейкъуэпэ Технологие къэрал университетым къыщызэIуахащ абы и къызэгъэпэщакIуэ икIи и япэ ректор, социологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием и академик, иджы МКъТУ-м и президент ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и музей.

Абы щызэхуэхьэсащ ТхьэкIушынэм и дэфтэрхэр, сурэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, сауг1этхэр, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытрадза нэхъ гъэщIэгъуэнхэр, тхылъхэр, щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ музей къызэIуихыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар университетым и студент зэгухьэныгъэрщ. МКъТУ-м и ректор Къуиижь Саидэ жиIащ студентхэм я гупыжьи профессор-егъэджакIуэ гупым, университетым и щIэныгъэ советым зэрыдаIыгъар. Къызэхуэсахэм къыхагъэщащ а пэшыр блэкIамрэ къэкIуэнымрэ я зэпыщIанIэ, нэхъыжьхэмрэ щIэблэмрэ я зэпсэльапIэ зэрыхъунур.

ШЫПШ Даянэ.

Энергетикэ

Зэраубзыхуам тету ирагъэкIуэкI

«Къэббалъкъэнерго» - «Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэм электрокъэрур ятеэшгуашэ компание» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1анIэм и унафэщI Акулинэ Ольгэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, я Iуэхущ1анIэм и псэуалъэхэр бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм егуГуу хуагъэхьэзыр.

РЕМОНТ программэм ипкъ итклэ, яп1э мазихьм къап1эщытар проценти 104,5-кIэ агъэзэщIащ. Нобэ ирихьэлIэу сом мелуан 47,7-рэ и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ.

Зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу уэгу кIапсэу километр 276,8-рэ къыз1ыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ. Ток кIуапIэхэр зыхуэзэ щIыпIэу гектар 54,7-рэ агъэкъабзащ, зи пIалъэр икIа изолятору 4776-рэ, кIапсэу километр 94,8-рэ, пкъоуэ 293-рэ яхъуэжащ. Апхуэдэу киловольти 6-10-м хуэщIа трансформаторыр подстанцу 155-рэ къыз1ыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

Подстанцэм я пкъыгъуэхэми хуэбэлэрыгъыркъым. Къапщтэмэ, киловольти 6-10 щагъуэ подстанцэм дагъэкIэ лажьэ я Iэмэпсымэу 34-рэ ремонт ящIащ.

ЦIыхуэхэмрэ Iэнатlэхэмрэ токкIэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэр ирагъэфIакIуэ, къызэрыгуэкI кIапсэхэр фэ зытелъым хуэдэкIэ зэрахъуэкI. Мазихьм къриубыдэу киловольт 0,4 зрикIуэ уэгу линэу километр 74,5-м ахэр щахъуэжащ. А кIапсэхэм гъэпщкIуауэ электрокъарур къыпхуэхэшынукъым.

Зэрыщыту къапщтэмэ, щIыналъэ къудамэм бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм еужьэрэкIыу зыхуегъэхьэзыр, зэгъэпэщыжыныгъэ Iэхуэгъуэ псори зэраубзыхуам тету ирегъэкIуэкI.

ХЬЭЖЬIКЪАРЭ Алик.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм ирегъэблагъэ

КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм къригъэблагъэри, Налшык тхьэмахуитIкIэ щыхьэщIащ Тыркум, Иорданием, Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм, мэздэгу адыгэхэм я щIэблэр. Ди республикэм и щIыпIэ дахэ куэдым я нэгу зыщрагъэужьащ, Iуэхугъуэ гуэхьинэжэм хэтащ, адыгэбзэмкIэ дерсхэм щIэсащ сабийхэр.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий а ныбжьыщIэ 60-р «Трек» шхапIэм иригъэблагъэри, пшыхь дахэ хигъэтащ. Абы кърихьэлIащ икIи ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым хэтхэу дирижёр цIэрыIуэ Темырканэ Борис, Хасэшхуэм и тхьэмадэу щытахэу Нэхущ Заурбийрэ Дзэмыхь Къасболэтрэ, КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашын Анзор, нэгъуэщIхэри.

- Фи адэжьхэм я лъапсэу щыта хэкужьым фыкъызэреблэгъар си гуапэщ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Нобэ мыбдеж щыс фэ щIалэгъуалэрщ лъэпкъым и пщащэйр зэпльытауэ щытынур. Фи хабзэр фхъуэмэжу, фи бзэр фIурылъу дэнэ фыщымыIэми лъэпкъ Iуэхур вгъэкIуэтэн, фи щIэныгъэр, акъылыр, къарур хэфлъхьэн хуейщ нэгъуэщIхэм дахэмышыпсыхьыхьыным. Ар дэтхэнэми езым и щхьэм къыщыщIидзапхъэщ.

НэхъыжьыфIхэм жаIащ зэкIэлъыкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, цыкIухэр зэкум къащтэурэ зыщедгъэплъыхьыныр абыхэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэгъэуцынымкIэ сэбэп зэрыхъунур, я бзэр зрагъэщIэнымкIэ къару лъэщу зэрыщытыр.

Пшыхьым хэтахэм видеозэпыщIэныгъэ закъыхуигъэзащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар (Тырку).

- Ди лъэпкъ щэнхабзэр къэIэтыжа хъунымкIэ, ныбжьыщIэхэм хэкур зищIысыр ящIэнымкIэ Iэмал хъарзынэу къэдгъуэтауэ, ар илъэс зыбжанэ хьауэ идогъэкIуэкI, - жиIащ Хьэгъундокъуэм. - Интернетыр хъарзынэу гъащIэм къыщособэп, Тыркум и псори иджыпсту абы и фIыгъэкIэ кIэлъоплъ Къэбэрдей-Балкъэрым щыIэ сабийхэм я махуэхэр зэрагъэкIуэм, ди адэжь лъахэм и дахагъым и теплъэ къэралъхьэхэм. Шэч хэмылъу, абы мыдрейхэр егъэхъуапсэ, хэкум хуэпабгъэ ещI. Фыщ1э хузощI мы зэпыщIэныгъэр зыхуей хуэзэу кIыззэзыгъэпэщ дэтхэнэ зыми. Апхуэдэуи, Хьэутий, гукъэкъыкIащ пщIыуэ ди щIэблэр зэребгъэблэгъар, махуэшхуэ зэрахуэпщIар ди гуапэ хъуащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэми хьэщIэхэми фIэхъускIэ закъыхуигъэзащ Кфар-Камэ (Израиль) дэт Адыгэ музейм и унафэщI Тхьэуэхъуэ Зухьеир. Сабийхэм я нэр кIыкIыу къызэрыкIуар жиIащ Зухьеир икIи абыхэм хэкум щагъакIуэ сыт хуэдэ махуэри щIэщыгъуэ зэрыщащIым щхьэкIэ фIыщIэ къахуищIащ.

Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэм кIэщIу яжриIэжащ иджыблагъэ Тырку Республикэм и Къайнар жылэм щекIуэкIа фестивалым ди лIыкIуэхэр зэрыхэтар, лIыщхьэхэм зэрахуэзар, Израилым щекIуэкIа фестивалым ёзымрэ Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алийрэ зэрыщыIар. ЗэпыщIэныгъэхэр гъэ къэс зэрефIакIуэр, абы ДАХ-м и гуащIэшхуэ зэрыхилъхьэр жиIащ Хьэутий. Адыгэ шхыныгъуэхэмрэ IэфIыкIэхэмкIэ уэздауэ къагъэува Iэнэхэм пэрыс щIалэгъуалэм уакIэлъэплъыну гухэхъуэт. Хьэрыпхэм, журтхэм, тыркухэм, урысхэм яхэс ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэ щIыкIуэр ныбжьэгъу зэхуэхьуати, зэущIуфIыкIыжу зэбгъэдэст, адыгэбзэкIэ зэдзэуэршэру. Абыхэм хуащIа пшыхьыр ягъэдхащ КЪБР-м и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм. Концерт нэужьым, щIалэгъуалэм джэгуи хуащIыжри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтэр иратыжащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



ХьэщIэхэр пшыхь дахэкIэ ирагъэжьэж

Тыркум, Израилым, Иорданием, Ставрополь крайм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щIалэгъуалэ гуп иджыблагъэ Налшык къалэм и «Горный родник» зыгъэпсэхупIэм тхьэмахуитIкIэ щыхьэщIащ. Абыхэм я ежьэжыгъуэм ирихьэлIэу, КЪБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм пшыхь гуапэ яхуэзохиащ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщIым и къуэдзэ **Гергоков Жамболэт** жиIащ Къэбэрдей-Балкъэрым и хэкуэгъуэхэр зыгъэпсэкуакIуэ къызэрыригъэблагъэ иужьрей илъэситхум къриубыдэу, ныбжьыщIэ 600-м нэблагъэ а Iуэхум къызэрызэщIрагъэуфыбидар, хэхэсхэмрэ хэкуфыхьэмрэ я щIэблэр иджы зэрызэрыщIэр.

- ФыкIуэжмэ, фи Хэкум и хъыбар яхуэфIуэтэжынщ къызэкъэхэм. Мы IуэхумкIэ ди мурад нэхъыщхьэр зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым, ар - ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тхьэмэжьныр щ. Тыркум, Иорданием, Израилым, Ставрополь щIыналъэм щыпсэу адыгэхэр фызэхэплъащ, фызэрыцIыхуащи, иджы щыIэ Iэмалхэр къэвгъэсэбэпу, фызэфIэмыкIуэдыжу фызэрыщIэну ди гуапэт. Дыщогугъ лъахэм щывгъэкIуа махуэхэр къыфхуэщIыхьэнэну, етIанэгъи дызэIущIэну, - жиIащ Гергоковым.

Тыркум къикIа сабийхэм я унафэщIу щыта **Къынкъ Фикрет** къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ мы Iуэхур къызэзыгъэпэща поомм.

- Тыркум щыпсэу адыгэхэм къабгъэдэкIыу сэлам фызохьж, - къыщIидзащ абы и псалъэм. - Дызэрыщыта тхьэмахуитIым цIыкIуэм, шэч хэмылъу, я нэгу зиужьащ, арщхьэкIэ нэхъыщхьэр - хэхэс щIалэгъуалэм къагъэззэку я лъахэм щыпсэуну, псэупIэ щаухуэжьым лъабжьэ хуэтщIынырщ, абы ди къару етхьэлIэн зэрыхуейрщ. Дунейм дыщикъухьами, ди бзэр ди хабзэри диIэжу, дыззэдэIэпыкъуфу щытын хуейуэ къызэпльытэ.

Къынкъ Фикрет щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ щIалэгъуалэр я Хэкум щыIэху адыгэбзэм хуезыгъэджа егъэджакIуэхэу Мэшыкъуэ Ларисэ, Табыщ Динарэ, Махуэ Маринэ, Хьэрэдурэ Аллэ сымэ.

Бысымхэм фIыщIэ къыхуащIащ Израилым къикIа гупым яхэта Натхъо Симэрэ Iэпщэ Рустамрэ, Иорданием щыпсэу Шанэ Махэ, Ставрополь крайм щыщ Ахъмэт Иннэ сыми.

Израилым хыхьэ Кфар-Камэ жылэм и тхьэмадэ Нэпсо Зэчий къыбгъдэкIыу КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашын Анзор къыхуахьа фIыщIэ тхылъыр иратыжащ.

Пшыхьыр Къэбэрдей-Балкъэрым и артистхэми ягъэдэхащ, хьэщIэхэми дагъэлъэгъуащ я къэфэкIэмрэ уэрэд жыIэкIэмрэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Гъавэ-2017

Хэгъуэр къэсащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм мы махуэхэм яублэнущ нартыхумрэ сэхуранымрэ Iухыжыныр.

НЭГЪАБЭ нартыхуу кърахьэлIэжар тонн 1 мелуаным ноблагъэ. Мы гъэми гъавэгъэкIэр а льагапIэр зэралъытыным хущIэкъуащ. Къапщтэмэ, нартыхумрэ сэхуранымрэ дуней хуабэмрэ Iэгъущ1ъэгъуэщэмрэ зыфIэфI гъавэщ, ауэ псыи щыбгъащIэ хъунукъым, ар и чэзум щIагъэлъадэ. Бадзэуэгъуэ, шыщхьэIу мазэхэм нэртыхум нэхъ хуэлъэузыфэхэм щахъумэ. Ар нэрылъагъущ дэнэкIи иджыпсту щащэ гибрид нартыхум и теплъэмкIи.

Хозяйствэ куэдым мы зэманым ягъэхьэзыр силосыпхъэ нартыхур тонн бжыгъэкIэ щахъумэну мащэхэр. Нартыхушхуэ щыхасащ Прохладнэ, Май, Тэрч щыналъэхэм. Мы махуэхэм кхахьжа бжьыхьэсэ гуэдзым зы гектарым хуэзэу центнер 36-м нэс къытрахащ. Ар нэгъабэ кърахьэлIам нэхърэ процентэ 2,4-кIэ нэхъыбэщ. Сэхуран хъарзынэ щыIуахьыжнущ Прохладнэ, Лэскэн, Шэрэдж щIыналъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

♦Урысейм и Археологым и махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапIэ Кхъухьлъатэ зэпкърызылъхьэм и махуэр

♦Тыва Республикэм и махуэщ

♦Индием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1498 гъэм Италием щыщ хыдзэлI-кхъухтакIуэ Колумб Христофор зекIуэ екъуауэ Гренадэ хытIыгур къигъуэтащ.

♦1723 гъэм урысей императорхэм гъэмахуэр щагъэкIуэну я унэ лъапсэр Петергоф къыщыз1уахащ.

♦1795 гъэм Франджым валютэщIэ - франкыр - щызекIуэу хуежьащ.

♦1877 гъэм къэхутакIуэ Эдисон Томас яп1э дыдэу къыхилъхьащ телефонкIэ псэлъам трубкэр къытезыхам «Алло!» жиIэу зыхуигъэзэныр.

♦1914 гъэм Панамэ псыдзэжьпIэм яп1э кхъухьыр дэкIащ.

♦1945 гъэм Маршал Жуков Георгий «ТекIуэныгъэ» орденыр етIуанэу иратащ.

♦1956 гъэм СССР-м щыту хуэжьащ Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр (Сталиным и цIэр зезыхьэу щытам и пIэкIэ).

♦1992 гъэм Азербайджаныр валютэщIэм - манатым - хуэзекIуащ.

♦Франджы дзэзешэ, а къэралым и императору щыта **Бонапарт Наполеон** къыззралъхурэ илъэс 248-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, джэгуакIуэ **Теувэж Дзыгуэ** къызэрагъэлъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Шэрджэсым и яп1э егъэджакIуэ, Гуащ1эдзкI Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфаща **Уэхъутэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, офицер **КIыщокъуэ Рашид** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦СурэтыщI, КъБР-м гъаздзкIэжькIэ щIыхь зиIэ и лъэжьакIуэ **Щхьэцэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Фильм куэдым макъамэ яхуэзытха композитор цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, УФ-м гъуаздзкIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Таривердиев Микаэл** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ1-график, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Горлов Михаил** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ1э, «Чесико» фирмэм (Москва) и унафэщI **Шэрджэс Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэ техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Фызабэр бын щхьэтепхъуэщ.

● Лъэпкъ Iуэху

Тхылъ фIыуэ зылъагъухэр зэхуогуапэ

● Жэрдэм

Налшык и зыгъэпсэхупIэ ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэм и лъэс зекIуапIэ нэхъыщхьэм и кIыхьагъкIэ «библиотекэкэр» къыщыгъэIуахынущ.

КУЭД щыгъуазэщ паркым нэгъабэ тхылъ дэлъхьэпIэхэр щагъэувауэ зэрыщытам. Абы тхылъ зыхуэмеижхэр яхьри далъхьэ, тхылъыр Iэщ1ыб зымыщIахэм къащтэу еджэфын папщIэ.

«Буккросинг» фIэщыгъэм щIэту европей къэралыгуэхэм яп1э къыщыхахьэ мы Iуэхум псынщIэу ди къэралми, ди республикэми зыщеубгъу.

«Псоми я зэхуэдэ Iуэху» фIэщыгъэм щIэту социальнэ сетым яп1э къыщыхалъхьа проектыр тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм ядIыгъат. Абы лъандэрэ илъэсищ хуащи, тхылъхэр щахъумэ щкафым къыдалъхьэми ар щIэзыджыкIэмэ я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ.

Псом ящхьэраци, тхылъ е джэмэн дихьэхэр ныбжь зиIэхэм щIалэгъуалэмэ яхэтщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

Зэманыр ІуэхукІэ игъэнщІыфырт

● Фэеплъ

Ухуакіуэ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь Алмэ Алий ІІалэбий и къуэр щыпсэуа унэм абы и фэеплъ пхъэбгъу щыфІадзащ. Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм къыхилъхьа а Іэзху щхьэпэм хэтащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ, Ухуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мрэ гъэгу хозяйствэмкіэ и министерствэхэм, жылагъуэ организацэхэм я лЫыІуэхэр, и Іыхьлыхэмрэ и ныбжьгъуэхэмрэ.

Тау Ритэ

Попович Виктор

РЕСПУБЛИКЭМ и ухуакІуэхэм ящыщу Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь цІэ лъапІэр къызыхуагъэфэщар Алмэ Алий и закъуэщ. Абы щыгъуэ ар зэрыхъур илъэс 25-рэт. Къармэхьоблэ щыщ къызэрыгуэкІ мэкъумэшыщІэ унагъуэм къыщыхьуэ ныбжьыщІэр а Іэщіагъэм къызэрыхуалъхуар бэнт. Іэ псынщІэт, зэІуэср хъурт, гумызагъэт, фІагъым хуэсакъырт. Апхуэдизу лэжьыгъэм хуэІэзэ хъуати, нэхъ щыщІэныгъэ мащІэми гу льитэрт, ар ямыгъэзэкІуэжауи етІысэхынутэкъым. Гуп щхьэхуэ Іэщіалъхьа нэужь, къызэгъэпэщащІэ Іэзэу зыкъигъэпъэгъуащ. «Къэббалъкъпромстрой» трестым и къудамэ псоми абы и цІэр щызэІэпахырт, и лэжьакІэр щапхъэ яхуэхъуат. Алмэм и гупыр зыхэт етхуанэ ухуакІуэ управленэр цІэрыІуэ эхуауэ, бжьыпэр иутІыпщыртэкъым.

Дзэ къулыкъур ихуа нэужь и бригадэм зэригъэзэжаам гупыр хуабжьу щыгуфІыкІырт. Алий ахэр Іуэхум тригъэгушхуэрт, и жэрдэмкІэ ухуакІуэ Іэщіагъэ зыбжанэм хуригъаджэрти, сыт хуэдэ лэжьыгъэми пІэлъэщыфынут.

1958 гъэм бригадэм хэтхэр тогушхуэри, «Коммунист лэжьыгъэм и коллектив» цІэ лъапІэм хущІэкъуну мурад ящІ, трестым и унафэщІхэм абыкІэ хъыбар ирагъащІэ. Ерыщу, къэмылэнджэжу зэрылажьэм къыдэкІуэ, къыкІэрыхуэхэм ядэІэпыкъурт, хабзэхъумэхэм ящІыгъуу уэрамхэмрэ пщІантІэхэмрэ жылагъуэ хабзэхэм щыкІэлъыплъырт, художественнэ самодеятельнэ кружокхэм щыхьыджэрт. Республикэр Урысейм зэрыгучхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цІэр зезыхьэ утыкум и Іэшэлъашэм Іуэхущіапіэхэр, псэупІэ унэхэр, нэхъ ищхьэІуэхІэ «Восток» кинотеатрыр зытрауха пІалъэм кьитІасэу яухуэ, езыхэм я жэрдэмкІэ нэгъуэщІ лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфІагъэкІ. Ар лъагапІэщІэт. Псори зэпалъытри, 1960 гъэм мазаем и 2-м постройкомым и гъэзэщІэшхуэм «Коммунист лэжьыгъэм и коллектив» цІэр Алий и гупым къыщыфІащащ. Республикэм щыщу ар япэу зыхуагъэфэщар мы бригадэрт. Гулъытэм и мызакъуэу, ар икІи дзыхьышхуэт. Гупыр къызэрфІэщІыжакъым, а цІэр ягъэпэжу, щапхъэ ягъэлъагъуэу я зэфІэкІым хагъахъуэрт, ехъулІэныгъэщІэхэм хуэкІуэрт. «Коммунист лэжьыгъэм и коллектив» зэрыжьыгъэм и къуэр мазиплІ нэхъ дэмыкІыу, «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь» цІэ лъапІэр Алий къызэрыфІащам теухуа гуфІэгъуэ хъыбар бригадэм къыІэрохьэ. Абы я лъэр нэхъри егъэжан, текІуэныгъэщІэхэм трегъэгушхуэ. Езы Алмэри, гупым щыщхэри бгъэчэт, вагъэзгъэти, тыншу зэгурыІуэрт. Аэр мы дунейм зэреплъыр ухуакІуэм и нэкІэт.

Мэрем кІуам, шыщхьэІуэм и 11-м Алий щыпсэуа унэм и блыным кІэралъхьа фэеплъ пхъэбгъур къыщызэІуахым, а псор кьыхагъэщащ.

- Алий лэжьакІуэшхуэт, ухуакІуэ Іэзэт икІи къызэгъэпэщакІуэфІт. Гупым и пашэт, и щапхъэт, уеблэмэ и егъэджакІуэт, жэуапльныгъэшхуэ зыхэлъ цІыху емызэшыжт. Яхьихэ щІалэхэм хуабжьу яхуэгуапэт, зэпымыууэ ядэІэпыкъурт, Іэщіагъэм хуиГасэрт, лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт. Бригадэр и кьалэным пэмыльэщауэ, гугъуехь гуэрхэм кьиГэдзэныхауэ е абы щыщхэм «дешащ» жаІэу кьызыпхагъэІуэкІауэ зэи зэхэсхакъым. Нэхъ Іэнатіэ гугъуэхэм дгъакІуэрт икІи, дазэрыщыгугъауэ, дагъуэншэу, фІагъ хэлъу я пщэрыльхэр ягъэзащІэрт. Промышленнэ комплексу, псэупІэ унэу, сымаджэщу, еджапІэу, нэгъуэщІ псэуальэу Алмэм и гупым Налшык къыдигъэувахэм ноби нэр яГэгуфІэ. Лэжьакіуэ емызэшу, ухуакіуэ Іэзэу щыта ди ныбжьэгъуфІым и пщІэмрэ и фэеплъымрэ лъапІэщи, а псор и цІэблэм гъуазэ яхуэхъуну си гуапэщ, - къигъэпъэгъуащ «Къэббалъкъпромстрой» трестым и унафэщІу щыта, УФ-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я ухуакІуэ Попович Виктор мы Іуэху дахэм хуэзхаша пэкІум къыщыщыпсалъэм.

Налшык кьалэм и художник нэхъыщхьэ Дедегкаев Кимрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэрэ кьыхагъэщащ Алмэ Алий хуэдэ цІыху гуащІафІэхэм, ухуакІуэ къэмылэнджэжхэм я фІыгъэкІэ ди республикэм и щІыхьэрым теплъэщІэ зэригъуэтар, абыхэм я Іуэхьыр ди цІыхухэм зэрафІэлъапІэр.

- Нобэрей жэрдэмыр гупсысэ узынщэм ухуэзыгъэуш Іуэху дахэщ, щІэблэм къахуэщхьэпэну дерс гъуэзэджэщ. Мы фэеплъ пхъэбгъур зыльагъу щІалэгъуалэр, дауи, щІэупщІэнущ Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь цІэ лъапІэр къызыхуагъэфэща адыгэ щІалэм и Іуэхущіафэу щытам, и къекІуэкІыкІам, бгъэдэлъа зэфІэкІыр зыхуэдэм. Хэт ищІэрэ, «ди республикэр, ди кьалэр хэсри ефІэкІуэн папщІэ сытхэр схуэзфІэкІыну?» - жаІэу езыхэри зэупщІыжыныкІэ мэхъу. Ар куэд и уасэщ, сыту жыпІэмэ, Алмэр апхуэдизу цІэрыІуэу щытащи, ЛІыхъужьым хуэзфІэкІар дэтхэнэ ныбжьыщІэм дежкІи щапхъэ нэсщ, - жаІащ абыхэм, мы Іуэхум и мыхьэнэр къыхагъэщхьэхуэкІыу.

Алий унагъуэ нысупыфІэм и тхьэмадэт. И щхьэгъусэри лэжьакІуэшхуэт, Налшык электровакуум заводым еханэ разряд зиІэ и токарт, Ленин орденыр къыхуагъэфэщат. ХьыджэбзитІ эздагъуэтати, нэгъуэщІхэм емыхъуапсэу къагъэхъуащ.

Алмэхэ я лъэпкъым къыбгъэдэкІыу я нэхъыжьыфІ Хьэпащіэ пэкІум къыщыпсэльащ. КъызэгъэпэщакІуэхэмрэ пэкІум къырихьэлІэхэмрэ фІыщІэ яхуищІа нэужь, Алий и щІэблэхэм ящыщу Алмэ Арсенрэ Тэмазэ Амырхъанрэ фэеплъыр кьызэІуахри, абы и лъабжьэм удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ.

Алий и цІэр республикэм и ухуэныгъэ Іэнатіэм и зыужьыкІам къыгъэхьапІэ имыІэу епхащ. Хьщі гъэхэм Налшык псынщІэу зиужьырт, предприятэ инхэр къыщызэІуахырт. Къалэдзэсхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ хьуат. А илъэсхэм ди ухуакІуэхэм яхуэзфІэкІам уримыгъушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. 1966 - 1970 гъэхэм къриубыдэу псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мелуаным язблагъэ ятат, щыху мин пщІей фэтэрыщІэхэм Іэпхъуэжат. Мис а Іуэхущхуэм Алмэм и гуащІэшхуэ хэлъщ. Кавказ Ищхъэрэ псом щыпашэу щыта гуп зэкъуэтым иуха псэупІэхэр абы хэта дэтхэнэми и фэеплъщ, Алий бэм зэрахуэупса тыгъэ лъапІэщ.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*


1959 гъэ

1962 гъэ

● ТхакІуэ КІыщокъуэ Рашид къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу

Адэфі къуэфі хуэщт

1907 гъэм Щхьэлыкъуэкъуажэжьым къыщалъхуа КІыщокъуэ Рашид къуажэ школыр къиуха нэужь, ЛУГ-м (Ленинскэ еджапІэ городок жыхуаІэу щытам) щІотІысхьэ. Абы щезыгъаджэхэм яхэтащ Цагъуэ Нурий, Борыкъуей ТІутІэ, ЩакІуэ Талъостэн сымэ. А уэзщІакІуэхэм къызэрагъэпэща литературэ кружокым жыджэру къеІуалІэхэм ящыщ зыт Рашид.

АР ЩІЭБГЪЭЩІЭГЪУЭНИ щыІэкъым: щІалэщІэм и адэ Пщымахуэ бзэрэ тхыпІэрэ зыщІэ егъэджакІуэ къудейтэкъым - зи статьяхэр, художественнэ тхыгъэхэр щІэх-щІэхыурэ печатым кьыпехуэ усакІуэт. Зэхилъхьэ уэрэдхэр цІыхум яІурылът. И адэр щапхъэ зыхуэхъуа, и ущиякІуэ Іущхэм я нэІэм щІэту литературэм дихьэха Рашиди тхэным зрепщыт. Абы и кьалэмыпэм къыщІокІ усэбзэрэ прозэу зэхэлъ «КъанцІыкІу» повестыр. Абы щыщ Іыхьэхэр кьытрадзэ «Къэрэхьэлъкъ» газетым. Арщхьэкіэ и тхэныр зэпигъэун хуей мэхъу - КІыщокъуэр дзэм къулыкъу щищІэну ираджэ. Ар кьрихьэлІэу къыщигъэзэжа 1931 гъэм милицием хохьэри, и гъащІэ псор абы епха мэхъу. Зыпэрыува Іэнатіэм хурагъаджэурэ, Іуэхум фІыуэ хэгъуэза офицер щІалэр Щэрджэсым ягъакІуэри, милицэм и управленэм и унафэщІу лэжьэн щІедзэ. Хэку заэушхуэм и зэманхэми нэхъ иужькІи лІыгъэшхуэ зезыхьэу милицэм хэта КІыщокъуэ Рашид 1947 гъэм ди республикэм къашэжри, уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ Іэнатіэм и унафэщІу яГьэув. А кьулыкъум зэрыпэрытым хуэдэурэ, абы кьеух Ростов кьалэм дэт университетым и юридическэ къудамэр. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэр щызэрихьэм кьигъэлъэгъуа хахуагъэм, хъэрэ - Аланием кьикІахэм яхэтщ Ардон кьалэ и щІыпІэ бгынэжам деж зыгъэпсэхупІэ хадэ екІу щащІыну щІэхъуэпсэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа ныбжьыщІэхэм «Спаси дерево», «Я - эколог» проект гъэщІэгъуэнхэр ягъэхьэзырац. Дагъыстэным нэхъ ипэкІэ щрагъэжьащ «Чистые игры» Іуэхур. Абы хэту ныбжьыщІэхэмрэ сабийхэмрэ щхьэж пэгъунэгъу щІыпІэхэр яГьэкъабзэ, щІыуэпсым и кьабзэлъабзагъым теухуа егъэджэныгъэ, нэгузегъэужь Іуэхухэр ирагъэкІуэкІ.

Ингуш Республикэм кьикІахэм щІыуэпсым хуэгъэпса проектхэ кьыздахьащ. Абыхэм ящыщу щІалэгъуалэ щІыуэпс зэщІэхьеныгъэ къызэгъэпэщыныр, дыгъэм и хуабэр электрокъарум хуэзыгъакІуэ цех егъэжьэныр, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр егъэфІэкІуэныр, кІэрыхубжьэрыхухэр зэхуэзыхьэсу елэжьыж Іуэхущіапіэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІхэри.

Нэзрэн щыщ Калиматов Іэдэм «Школа ресайклинга» проектыр игъэхьэзыращ.

- Ар кІэрыхубжьэрыхуэхэм гъащІэщІэ щратыж жІыщІ. Дэ хуедгъэсэнущ, псалъэм папщІэ, пластикым гъащІэм къыщысэбэпын хьэпшып къызэрыхащІыкІым, - жеІэ Калиматовым.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм и етІуанэ Іыхьэр «Зыужьыныгъэм и щыналъэ: жьыгъуэм я щІыуэпс» фІэщыгъэм щІэтщ. Ар хуэунэтІауэ щытынущ, щІыхум и псэр кьабзэу ихьумэным, и уэзышагъэр кьыфІэгъэхуным фІагъыу хэлъым, хэгъэгум и щыналъэм щыпсэуну и щынагъуэншагъэм, уанагъуэ лъапІэныгъэхэм, нэгъуэщІхэм.

Псалъэм папщІэ, Осетие Ищхъэрэ щІалэгъуалэ зэхыхьэм кьекІуэлІа гуп кьэс щІыуэпсым теухуа лэжьыгъэ ягъэхьэзырауэ щІыху зыбжанэ яхэтщ.

Псалъэм папщІэ, Осетие Ищхъэрэ щІалэгъуалэ зэхыхьэм и къыщыгурыІуар тыкуэн инэу ишэу екІуу зэщІихуэпыкІа иужьщ.

Абы и дежкІэ мы ныбжьэнэшхуэ иІэт щІыхум зэрызихуалэм, щыгъыныр екІуу зэрыщитІагъэм.

Си адэ-анэр зэбгъэдэкІыжа иужьи, пщІэ зэхуащІу зэрыщытам папщІэ сахуэарэзыщ. Си адэм зэи псалъэ жагъуэ хужиІэу зэхэсхакъым си анэм, зыщІыпІэ сыщишэкІэ къызэфІимыгъэІуэху хуэдэурэ кьъщІэупщІэрт армыхъу. Илъэс 26-кІэ нэхъыщІэт си анэр си адэм нэхърэ.

Ауэ си адэр нэгъэсауэ кьыщысцыхьуар абы кьыщІэнаУэ щыта «Двойной пароль» тхылъым сыщелэжьа лъэхъэнэрщ. Дунейм зэрехьжрэ илъэс 30 дэкІыжауэ абы и Іэрытхэр кьэдгъэзытыжати, абы селэжьыжри кьыдзэгъэкІыжауэ щытащ.

Сэ езыри си адэращ нэхъыбэу сызэщхьыр, си анэр цІыху щабэ дыдэщ. Сэ сызыхуейр пхьэгъэкІыфу сригъэсащ си адэм, тхэныр сфІэфІщ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым хабзэхъумэ Іуэхуэкмкіэ и къудамэм сриунафэщІщ. А Іэнатіэр сэ сфІэфІ къудейкъым, сэ нэхъыфІу кьызэхъулІэр а унэтІыныгъэращ.

ИтІанэ, си адэм хэлъа хьэлыфІхэм ящыщт хуэмыщІауэ псэу ди благъэхэм зэрызащІигъакъуэр. Апхуэдэ куэд иджыпсту бгъуэтынукъым.

Си адэр сигу къэзгъэкІыжыну, абы сытепсэлъыхьыну сфІэфІщ, адэфІ дыдэу сиІащи.

КІыщокъуэ Рашид ипхъу МЭЛБАХЪУЭ (КІыщокъуэ) Зинаидэ.

● «Мэшыкъуэ-2017»

ЩІыуэпсыр хъумэным ехьэлІа жэрдэмхэр

Псыхуабэ щекІуэкІ щІалэгъуалэ зэхыхьэм гулъытэ хэха щыхуащІ мы гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу ди къэралым зэрыщагъуэвам. Мы зэхыхьэм япэу якъІуахэр хэгъэгум и щІыуэпсыр зэрахъумэным топсэлъыхь, етІуанэ Іыхьэм хэтынуэр жылагъуэм я зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ зэчэнджэщынущ.

- ЩІЫУЭПСЫР дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэным хэгъэпса щІэныгъэ къудейкъым. Мы гъэм дэ гулъытэ хэха хуэдощІ цІыхум и гупсысэм щегъэжьауэ и Іуэхущіафэм нэсыху кьабзэу щытыным. ЗэрыгурыІуэгъэщи, ЩІыуэпсым и илъэсыр дэ щІагъыбзэ щІэлъу къыдогъэсэбэп. НыбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэр, мурадхэр кьабзэу, хьэрэмыгъэншэу щытыным кьыхуэдоджэ, - жеІэ «Мэшыкъуэ-2017»-м и унафэщІм и къуэдзэ Крысинэ Любовь.

ЩІыуэпсыр хъумэнми гулъытэ щигъуэтащ форумым, зэхьыхьэм щыІэ ныбжьыщІэхэм къызэрыгуэкІ блокнотым и пІэкІэ щытхэн пхъэбгъу цІыкІуэхэр ираташ. Егъэджэныгъэ Іыхьэр щекІуэкІ пщыІэхэм ЮНЕСКО-м и нэІэ щІэт щІыпІэхэм я цІэхэр зэрахьэ (Байкал, Казеной-Ам гуэлхэр, Іуащхьэмахуэ бгыр, Цей бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэр, нэгъуэщІхэри).

- Абыхэм ящыщу блыр Кавказым ейщ. ПщыІэхэм зи цІэ фІаща щІыпІэхэм теухуа хъыбари абдеж укъыщеджэрынущ. Мэшыкъуэ щыхэхуэса щІэхьэжьрэ хъыджэбзхэмрэ ди къэралыр щыІэ дахэхэмкІэ зэрыбейр едгъэлъагъуну дыхуейщ, - жеІэ Крысинэ Любовь.

ЩІыуэпсым теухуащ Ставрополь щІыналъэм къикІа ныбжьыщІэхэм къызэрагъэпэща «Эко-ревизорро» утыкур. А лэжьыгъэр щІыуэпсым и инспекторхэр гъэхьэзырыным хуэгъэпсащ. Абыхэм махуэ кьэс ирагъэкІыжІ мастер-классхэм кІэрыхубжьэрыхуэхэр тІэунейуэ къэбгъэсэбэп зэрыхъуным, хэгъэгум и щІыуэпсым теухуа щэхуэхэм щытопсэлъыхь, щІыуэпсым теухуауэ къэралым иІэ хабзэхэр зэхъыбгъу зыщІэр зэхагъэкІ.

Псалъэм папщІэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикІахэм яхэтщ Ардон кьалэ и щІыпІэ бгынэжам деж зыгъэпсэхупІэ хадэ екІу щащІыну щІэхъуэпсэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа ныбжьыщІэхэм «Спаси дерево», «Я - эколог» проект гъэщІэгъуэнхэр ягъэхьэзырац. Дагъыстэным нэхъ ипэкІэ щрагъэжьащ «Чистые игры» Іуэхур. Абы хэту ныбжьыщІэхэмрэ сабийхэмрэ щхьэж пэгъунэгъу щІыпІэхэр яГьэкъабзэ, щІыуэпсым и кьабзэлъабзагъым теухуа егъэджэныгъэ, нэгузегъэужь Іуэхухэр ирагъэкІуэкІ.

Ингуш Республикэм къикІахэм щІыуэпсым хуэгъэпса проектхэ кьыздахьащ. Абыхэм ящыщу щІалэгъуалэ щІыуэпс зэщІэхьеныгъэ къызэгъэпэщыныр, дыгъэм и хуабэр электрокъарум хуэзыгъакІуэ цех егъэжьэныр, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр егъэфІэкІуэныр, кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэхуэзыхьэсу елэжьыж Іуэхущіапіэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІхэри.

Нэзрэн щыщ Калиматов Іэдэм «Школа ресайклинга» проектыр игъэхьэзыращ.

- Ар кІэрыхубжьэрыхуэхэм гъащІэщІэ щратыж жІыщІ. Дэ хуедгъэсэнущ, псалъэм папщІэ, пластикым гъащІэм къыщысэбэпын хьэпшып къызэрыхащІыкІым, - жеІэ Калиматовым.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм и етІуанэ Іыхьэр «Зыужьыныгъэм и щыналъэ: жьыгъуэм я щІыуэпс» фІэщыгъэм щІэтщ. Ар хуэунэтІауэ щытынущ, щІыхум и псэр кьабзэу ихьумэным, и уэзышагъэр кьыфІэгъэхуным фІагъыу хэлъым, хэгъэгум и щыналъэм щыпсэуну и щынагъуэншагъэм, уанагъуэ лъапІэныгъэхэм, нэгъуэщІхэм.

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и пресс-Іэнатіэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Я къалэн нэхъыщхьэр зыщагъэгъупщэркъым

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэпкърахащ я Іуэхущіапіэм и уголовно-суд къудамэм мы гъэм и япэ мазихым зэфІигъэкІар.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, уголовнэ Іуэху лІэужьыгъэуэ псоми, лъэІухэми, тхьэусыхафэхэми, тхылъхэми судхэр щыхэплъэкІэ прокурорхэр хэтыныр я кьалэн нэхъыщхьэм ящыщу. ЦІыхухэм конституцкІэ яІэ хуитныгъэхэр хьумэным, уголовнэ Іуэхухэм зэрыхэплъэн хуей пІалъэм тетыным, терроризм щІэпхъаджагъэхэм, экстремизм хьэгъэщагъэхэм ятеухуа уголовнэ Іуэхухэр дзэ судым щызэхигъэкІІэ, прокурорхэр жыджэру хэтыныр кьызэгъэпэщыным, суд унафэ лъабжьэнщхэм и чэзум пэджжэныным, къэралым и щІэкІэ зыгъэкъуанщхэм я зэфІэкІым хэгъэхьуэным гулъытэ хэха хуащІащ.

Зи гугъу тщІы зэманым уголовнэ Іуэхуу зыхэплъэр процент 13,4-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. ЩІыпІэ судхэр зыхэплъа уголовнэ Іуэху 1451-м прокурорхэр хэтыныр процентищкІэ кьызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу цІыху 17-м яхуэгъэзауэ Кавказ Ищхъэрэ окружной дзэ судым зэхигъэкІа уголовнэ Іуэхуи 8-м республикэм и прокуратурэм и лІыкІуэхэр хэтащ.

Отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу цІыхуи 112-м яхуэгъэзауэ кьащта кІэух, пІалъэ зэхуаку суд унафэхэмкІэ мыарэзыуэ прокурорхэм зыхуэфащэ тхылъхэр яГьэхьэзырати, 90-м ятеухуахэр зэрахъуэкІыжащ. Абы и лъэныкъуэкІэ кьалэ, район прокуратурэхэм я Іуэхущіафэр зыхуэдэр зэпкърахащ, щыщІэныгъэхэр ягъэнаІуэри, ахэр ягъэзэкІуэжыныкІэ лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ къэралым зэригъэкъуаншэр зэрыдаІыгъ щыкІэр егъэфІэкІуэныр, суд унафэхэр куууэ джыныр, щыуагъэ кьагъуэтмэ, и чэзум гъэзэкІуэжыныр, присяжнэ заседателхэр зыхэт судым район прокурорхэр хабзэ хэхам тету хуэгъэхьэзырыныр, судым Іэрыхьэ лъэІуэхэм щыхэплъэкІэ, прокурорхэр хэтныр кьызэгъэпэщыныр я кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Адыгэ бзылъхугъэ

Ди лъэпкъэгъуэхэм Налшык зыщалъхьыхь.

Хасэм и къарур

ХХ лІэщыгъуэм и пэхэм Истамбащ къалэм къыщыхэрагъэпэщауэ щытащ Шэрджэс бзылъхугъэхэм я хасэ. Ар щІэныгъэшхэу зыбгъэдэлъ, зэфІэкІ зиІэ цІыхубзитхум жэрдэм ящІа Іуэхут.

ДЭФТЭРХЭМ къахощыж а зэманым Тыркум щылэжьа Бзылъхугъэ хасэм иІа къарур, къэралым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІыбгар. Хамэщі щыпсэу адыгэхэм я бзэр ящымыгъупщэжьи папщІэ абы хэтхэм курыт школэхэр къызэІуахат, Хасэм защІигъэкъуэрт нэхъ къулейсызхэм. Апхуэдиз къару бгъэдэлъами, Бзылъхугъэ хасэр ужьыжьыгъэ зэманым дэкІуэдыжьыпат. Абы и Іуэхуфіхэм пащэну я мураду, Тыркум Шэрджэс цІыхубзхэм я хасэ къыщыізэрагъэпэщыжащ. Ильэсихьи нэбгырабуэ мэлажьэри, ар зэхэзыублэжа Шурдым Гюнсел куэд хуэзэфІокІ.

Хасэм къэбзэрдей, шапсыгъ, нэгъуэщІ къудамэхэр щхьэжуэ-щхьэхуэ зэримыІэм гугъу иригъэхьми, хэхэс щІалэгъуалэр я бзэкІэ ирагъэджэным, лъэпкъ хабзэкэр щамыгъэгъупщэным емызэшу йолэжь. Апхуэдэ тегъэщІапІэ иІэу Хасэм иджыблагъэ адыгэбзэкІэ къыдигъэкІащ зы мультфильм. Бзэм техуэ махуэшхуэхэр зэрырагъэкІуэкІми тхьэмахуэм зэ зы сыхьэт хухахьуірэ адыгэбзэм гулъытэ зэрыхуащІми кІэрикІуэр нэрылъагъуд. Бзэ и лъэныкъуэкІэ щІалэгъуалэм ядолажьэ Щокъулохэ Илъхьэм.

Бзэмрэ хабзэмрэ зэбгъэщІэжьынымкІи Іуэхур зэфІэкІыркъым. Уэзрыадыгэр зыхэпщІэн щхьэкІэ, Хэкум псэкІэ упыщІауэ, зэ нэхъ мыхъуми уи нэкІэ уІупльауэ щытыпхъэу къыщІэкІынщ. Бзылъхугъэ хасэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къельытэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэхагъэпльэныр, хамэщІым къыщалъхуа адыгэхэм я адэжьхэм я лъахэр ирагъэлъагъуныр. Къалэщтэмэ, мы гъэмахуэм цІыху 24-рэ я Хэкум зыщалъхьыхьыну къашащ. Махуипщ Іэ ди щыналъэм щыІа ди лъэпкъэгъуэхэм икъукІэ хьэщІагъэшхуэ ирахащ «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей Іутпыж Мэжидрэ абы и щхьэгъусэ Асярэ.

Ди хьэуам и къабзагъэмрэ лъахэм и тепльэмрэ ягъэщІагъуэу, зыхуэзэ цІыхухэм зыщымыгъэнщІу абыхэм я зэманыр ягъэкІуащ. Налшык къалэм щалъэгъуа тельыдджэхэм ящыщу ягу кІынэжащ «Сосрыкъуэ» шхапІэр. Ар ди Іуэрыуатэм къызэрыхэщыжьым теухуауэ зэрыщІэкІуэтІэжьым, езыхэми адыгэ уэрэдхэр абдеж щыжьаІащ.

ГъэщІэгъуэн куэд щалъэгъуащ Гуэл щхьэантІэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, Іуащхьэмахуэ лъапэм. Хэкур зэи зымыльэгъуар нэхъыбэти, ди Лъэпкъ музейр, бззэрым телъ фІыгъуэхэр, ерыскъым и къуэатыр, Хэкум и беягъэр зыхуагъэдэн къахуэгъуэтыртэкъым. ЗэрагъэщІэгъуэнур ящІэртэжьым къалэдэсхэр зэпІэзэрыту, кІий-гуэ уэрамхэм щызэхыумыхыу зэрызэпсалъэр.

Лосэн Тимур и «Бзэрабзэ» гупым и пшынальэхэм, Къэбэрдокъуэ Мурат и макъамэхэм ахэр ирагъэдэІуащ. Фащэр зэрызэрахьэм щІагъэдэІуащ, адыгэ джагу хэтащ. «Шагъдий» сабий ансамблир ильэситху зэрырикъум и щІыхькІэ Театр щхьэантІэм щекІуэкІа пшыхьым щеплъым, апхуэдэ щІэблэ Хэкум къызэрыщыдэкІуэтейм ахэр щыгуфІыкІащ.

Нэхъыщхьэ дыдэращи, Тыркум щылажьэ Бзылъхугъэ хасэм и мурадыр кьехъулІащ: куэдыр яІущащ я лъэпкъэгъуэхэм, я Іыхьлыхэм, хэти зригъэлъэгъуащ лъэпкъкІэ зыщыщ къуажэр. Абыхэм яхэтт Шурдымхэ, Чылхэ, Жарыщтыхэ, Жудэхэ, Къанщауэхэ, Тхьэкъуаръуэхэ, Лъостэнхэ, Щоджэнхэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэми щыщхэр.

Зэманыр яхуримыкъуу, гъэнщІауэ екІуэкІащ. Налшык и зыгъэпсэхупІэ жыг хадэм иІэсэищэ бжыгъэ хъууэ ит жыгхэм деж къыщыізэтеувыІэурэ абыхэм Іэплі щІрашэкІырт, щежьэжьым щІым зрагъэзэныхьурэ ба хуащІырт... Иджыри зэ нэхъ мыхъуми кьытрагъэзэныр я хъуэпсапІэу ахэр лъэтэжащ. «Дыадыгэщ» щыжьаІэкІэ, иджы ди лъэпкъэгъуэхэм я псалъэм нэхъ купщІэ иІэнущ.

БАКЪ Зерэ,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

БЕТРОЖЬ КІуэнэ:

Егъэджэныгъэм гъэсэныгъэри щІыгъун хуейщ

● Ди псэлъэгъуэр

Нобэ ди псэлъэгъуащ «2017 гъэм и егъэджакІуэ» урысейпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм щытекІуа, Налшык къалэм дэт лицей №2-м инджылызыбзэмкІэ щезыгъаджэ Бетрожь КІуэнэ. Ар тедгъэпсэлъыхьащ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр къыщІыхиами нэгъуэщІ Іуэхуэхэми.

- ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэ къэбухьным егъэджакІуэ ухъуауэ кІиІкІыркъым, а Іэщ Іагъэр гурэ псэкІэ зыхэпщІэн, гугъу зыдебгъэхьын хуейщи. Зэман гуэр дэкІрэ, ебгъаджэ цІыкІухэм я егъэджакІуэу зыкъэплъытэж щыхъунур. ПцІы суп сыну къыщІэкІынт, сызэрысабийрэ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм сыщІэхъуэпсу сыкъэхъуащ жысІэтэмэ. Ауэ сыхуущІегъуэжакъым, курыт школым сызэрыщылажьэрэ мы гъэм илъэс 13 мэхъу. Пэжым фыхуеймэ, иджыщ «сыегъэджакІуэщ» щыжысІэфынур.

- Утеэзшакъэ уи лэжьыгъэм, КІуэнэ?

- Хьэуэ. Уи лэжьыгъэр пфІэгъэщІагъэунэмэ, дауэ узэрешынур? «Сешащ» щыжьаІэ дакъыкъэм, а Іуэхум укъыпэрыкІын хуейуэ къызэпІыгъэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, уи гукъыдэжьр мыщІагъуэмэ, ар егъэкІуэхэм зыхащІэнущ икІи щІэныгъэм дебгъэхьэхьифынукъым.

- Уэ сыт хуэдэ Іэщ Іагъэм зеппщытыфынт, апхуэдэу хъуамэ?

- ЦІыхум зиужьыным теухуауэ нобэ иІэ хъуа Іэмалхэр кьыхуэгъэсэбэп кьудеймэ, дуней псор хуэзІухуэ. Срихуп Іэмэ, нэгъуэщІ Іэщ Іагъи сыхэзэгъэну къысщохъу, ауэ цІыхухэм садэлажьэмэ, ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым илъэс къэс зэрыхагъахъуэр слъагъумэ, нэхъ кьызощтэ. ЕгъэджакІуэм жэуапльныгъэшхуэ и пщэ дэлъщ, «цІыхубэ» кьытщІэхъуэр зыхуэдэнум абыи и къару хелъхьэри. Сыт хуэдэ щІэныгъэлІ, дохутыр, егъэджакІуэ диІэнуми, абы ауэдкІэ елытащ. Итіани, ди жагъуэ зэрыхъунщи, егъэджакІуэм и пщІэр ди зэманым икъукІэ лъахъэшэщ.

- Егъэджэныгъэ Іэхэм зезыгъэужьын хэкІыпІэхэр сыт хуэдэу къэплъытэрэ?

- Сэ сыегъэджакІуэ къызэрыгуэкІащи, къапщтэмэ, къаруушхуэ гуэри скъуэлъыкъым, егъэджэныгъэ Іэхэум зэхъуэкІыжьыгъэхэр хэслъхьэфын хуэдэу. АрщхьэкІэ, гупсысэ плъхьэкІэ гуэрхэри сиІэу къыщІэкІынщ абы теухуауэ. Язныкъуэхэм жаІэнкІэ хъунущ хамэ къэралхэм егъэджэныгъэр щынэхъыфІу, ди егъэлІэ нэхъыщхьэхэм щІалэгъуалэм щІэныгъэ къыщІамыхыу. Сэ абыкІэ сыарэзыкъым. Сэ сыт щыгъуи сроГушхуэ совет школым сыкъызэрыщІэкІам, ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым лъабжьэ къызэрызитам. Ди егъэджэныгъэм хуаІэ апхуэдэ щытыкІэм зихъэужьынут, Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, гуузэ-лыуэзэиІэ егъэджакІуэхэр ди курыт школхэм кърашалІэмэ. Иджыпсту политикхэми къыхагъащІ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм зезыпщытыр иужь кьина, нэгъуэщІ щІыпІэ щыкІуэцІрымыкІахэр арауэ. Ар тэмэмкъым. Сэ Іэмал сиІащ школыр къэзгъанэу, ГуэзджкІм, турист Іэнатіэм, нэгъуэщІхэми епхауэ сылэжьэну. АрщхьэкІэ сабийхэр езгъэджэныр си натІэм къызэрыритхар зыхыэощІэ икІи абыхэм я деж жэуап зэрыщІысхьыр кьызэгурОІуэ. ЕгъэджакІуэм сыт хуэдэ дакъыкъэри къигъэсэбэпын хуейщ, еджакІуэр щІэныгъэм дригъэхьэхын папщІэ. Нэхъапэхэм дауэт зэрыщытар? Ялэ классым къыщыщІэдзауэ 11-нэ пщІонэдэ еджэрт, уеблэмэ ар дэтэнэмэн и къалэн хуэдэу зыхихІэрт. Иджы уогуфІэ зыгуэр 9-нэ класс нэужьым къыщІэнэхъэмэ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыІуэгъуэ: Зыуэ щыт къэрал экзаменым зрапщытыну зэрыхуэмейрщ. ИтІанэ, школакІуэхэр зыхуэИ предмет куэд егъэджэныгъэм хагъэкІащ. Дэнэ кІуа, псалъэм папщІэ, Іэпщ Іэльапщ Іагъэм щыхуагъасэ дерсхэр, черченэр?! ЕджакІуэхэм предмет псомкІи лъабжьэ яІэн хуейщ. АтІэ тпъагъур сыт? Хъыджэбз щыкІуэхэм дэкІэ ящІэркъым, щІалэхэм шэнт куэдей яхуэзэпкърылъэныкъым. КъыштщІэхъуэ щІэблэр сыт хуэдэну жыпІэу уэзуплщыжьмэ, щхьэхуимыту уи щхьэм къоэзрыхь «экономист, юрист защІэу ара?» жыпІэу. Лэжьыгъэ «къызэрыгуэкІхэм» я Іэнатіэхэм пэрытынур хэт? Щ Іалэгъуалэр абы хэм дебгъэхьэхьи папщІэ, школым а Іуэхуэхэм щыхэбгъэгъуэзэн хуейщ.

Сэ си къуэзпсапІэщ егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр кьудамэхэм, япэхэми хуэдэу, цІыхуипщІ зы уеблэмэ щызэхьэзэхуэу зэрыщытам кьиГъэзэжьыну. Есы егъэджакІуэхэм зэманым деКІун, абыхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм зрагъэжьын хуейщ. ЗэрыжысІауэ, егъэджакІуэм щІэблэр зыитьыну гъуэгур еунэтІ икІи абы езым иІэ зэфІэкІым елытауэ щытынущ ди щІалэгъуалэр зыхуэдэнур.

СызэреплъымкІэ, курыт школым ихь къалэнхэм Іэмал имыІэу гъэсэныгъэ лэжьыгъэри кьыхэзгъэхьэхьпхъщ. Пэжщ, иужьрей зэманым я Іуэху бгъэдыхьэкІэм гулъытэ хуащІ зэрыхуэжар нэрылъагъущ икІи жыпІэ хъунущ иужьрей 20 илъэс егъэджэныгъэр зэчетэ ухуэкІэм хуэмурэ дызэрыхуэкІуэжьыр.

- Уэ ебгъаджэхэм сыт хуэдэ екъуІэныгъэхэр яІэ, КІуэнэ?

- Британием инджылызыбзэмкІэ къЬР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Къалэбэч (Ардавэхэ ихъуащ) Ириндж экстернэу курыт еджапІэр къэзыухахэм ящІщт. Налшык къалэм дэт Музыкэ учИлищэм зэрыщеджар гъуэгуанэшхуэм и щІэдзапІэ къудейти, Иринэ ГИТИС-м (Москва къалэ) музыкэ комедиемкІэ и факультетри къиухыжащ.

ІРИНЭ жеІэ егъэджакІуэфІхэр зэриІар, цІыху куэд щІэгъэкъуэн къызэрыхуэхъуар. Ар иригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ГИТИС-м артист ныбжьыщІэ гупыфІ япэу, 1977 гъэм, къыщІэзыгъэкІащ щыта Дудин Владимир. Иринэ кьелъытэ Іэщ Іагъэм хуеджэнкІэ щыщу, акТрисэ жэ къыпхэжІыным цІыху куэд хэлэжьхьын хуей зэрыхъур.

- Сэ цІыху куэд дэІэпыкъуэгъуэ къыскъуэхъуащ. ГИТИС-м сыщыщІеджэм икъукІэ зыкъыщІигъэкъуауэ щытащ си адэ шыпхъум, ар зэи сщыгъупщэркъым. ЦІыхум и хьэлыр, гъэсэныгъэр, дуней тетыкІэр зэфІэзыгъэувэр, сэ сызэреплъымкІэ, адэ-анэм я закъуэкъым, абы укъэзыуэуреихьэри зыгуэркІэ холІыфІыхь. ЕджапІэ нэхъыщхьэм я быным хуэдэу къыщыхтхуэсакъауэ жыпІэ хъунущ. Москва сыщылэжьэну сыкъэнэну Іэмал сиІами, сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщІ нэгъуэщІ щІыпІэ сыщыпсэуфынутэкъым, - жеІэ Иринэ.

Иринэ зыхэхуа гупыр цІыху 20 хъурти, абыхэм ящыщу щыхьэрым щымыщу яхэтыр плы къудейт. Иринэ нэмыщІ, адрей щыр хэт Армавир, хэт Воронеж, хэти Украинэм щыщт. АрщхьэкІэ кьалэдэсхэм зыкІи закъыкІэримыгъэхуу, уеблэмэ еджэнкІэ ятекІуэу екІуэкІащ а илъэсхэр. Штраус Иоганн и «Летучая мышь» опереттэр студентхэм щыдагъуэным, роль нэхъыщхьэхэр зратауэ щытар Воронеж щыщымрэ Иринэрэт. Абы дэгъуэу Адель и ролыр ирГъэзэщІат. ЕджапІэр къиухауэ, 1981 гъэм Налшык къыщІэзэзэжьым, а спектаклыр Къэбэрдей-Балъкъэрми щагъэлъагъуэрти, артисткэ ныбжьыщІэр КъБР-м и Музыкэ театрым къыщІэри, мыбдежи ролыр зыхуэй хуэзэуэ щигъэзэщІащ.

- ИкъукІэ зэман хьэлэмэт иІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым. Ди лэжьыгъэхэр щыдгъэлъагъуэу кьызэхэдмыкІыхьа щІынальэрэ щІыпІэ жыжьэрэ кьэдгъэнагъэнтэкъым: Тамбов, Новочеркасск, Ворошиловград, Псков къалэхэр. Къапщтэмэ, Урысейми Украинэми я щІыпІэ куэдым дыщыІащ, - игу кьеГъэкІыж Иринэ. - Къищынэмыщ Іауэ, театрыр и репертуарымкІэ къулей дыдэт: «Летучая мышь» (Штраус Иоганн), «Фиалка Монмартра» (Кальман Имре), «Крепостная актриса» (Стрельников Николай), «Травиата» (Верди Джузеппе) «Бабий бунт» (Птичкин Евгений), «Моя жена лгунья» (Лукашов Владлен), нэгъуэщІ куэди.

Артисткэм и гъэзащІэ ролхэм «гукъанэ» зыхуиІ яхэткъым, дэтхэнэми зрегъэкІу, утыкур и псэ гъэпсэхупІэщ. Иринэ ильэситкІэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ тетрым дэлэжьащ, Гуащэ театрым - ильэситхукІэ.

2016 гъэм Атмурзаев Магомед Музыкэ театрым щигъэува «Шэмхьи и фызышэ» спектаклым абы Цунэ и ролыр щегъэзащІэ. «Спектаклыр гугъущ, ауэ сигуми си псэми къиущтэу согъэзащІэ къыслъысса ролыр, - жеІэ Иринэ. - Абы къыхоущ, дауэ ищІми, сомыр къэлэжьыныр кьалэну зыхуэзыгъэувыжа цІыхубзыр гъэпцІагъэхэм зэрыхуэкІуэр. Абы и щхьэр сыт хуэдэ хьэлэбэлыкъми кьыхехьф. Кьапщтэмэ, абы къыщыгъэльэгъуар зыкъомкІэ тохуэ нобэрей ди гъащІэм. Сэ а ролым сыщелэжьым щыхуитІ-щым я прообраз зэхуэсхьэсауэ жыпІэ хъунущ, нэхъ къыззэхъупІэн папщІэ. Лэжьыгъэм къыщыгъэльэгъуамрэ гъащІэм щысльагъуамрэ зэрызэщхьыр сфІэгъэщІэгъэну абы селэжьащ. Дыхуейт, дауи, цІыхубзыр и хьэлкІи, акъылкІи, дуней тетыкІэкІи сыт щыгъуи щапхъэу щытыну».

Иринэ Цунэ и ролыр къыщІехъулІар ирепх нэхъ ипкІэ Дэбагъуэ Роман Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щигъэува «Хьэбалэрэ Хьэбашэрэ» (Думэн Мурадин) спектаклым Жануэ и ролыр зэрыщигъэзэщІам.

Бзылъхугъэм щІэблэр теухуауэ гъэджэнэм илъэсипщІым щІигъауэ гулъытэ хуещІ. Иужьрей илъэситхур кьапщтэмэ, абы ГъуэзджэхэмкІэ сабий школым артист ныбжьыщІэ цІыкІуэр щегъасэ. Абыхэм щащыгъхьыкІэ, кьыхегъэщзы жащым тхыгъэ напэкІуэцІитІ-щы зрагъэщІауэ ныбжьыщІэхэр и дерсым кьызэрыкІуэр.

Артисткэр хуэхъэзырщ спектаклыщІэхэм щыджэгуным. «Макъамэ гъуэзджэм и лъагапІэу кьалъытэ Музыкэ театрыр дызэриІэр насыпышхэущ. Ди унафэщІхэм яхуэзфІэкІ ящІэн хуейщ а театрыр ефІэкІуэн папщІэ, сыту жыпІэмэ, апхуэдэ театр зимыІэр куэдыкІейщ. «Макъхэр» диІэщ, режиссёрыфІхэр ди макІэкъым, дызэгугъэн хуейуэ кьэнар, сэ сызэреплъымкІэ, ди оркестрымрэ балетымрэщ. Абыхэм гулъытэ хуэтщІыжмэ, зыдужьауэ зэхэплъытэ хъунущ», - жеІэ уэрэджыІакІуэм.

АЛЪХЪО Дыжьын.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Адыгэ Республикэм и Къэрэшей-Щэрджэс щІыналъэ Іыхьэм щытекІуа, Налшык къалэм дэт лицей №2-м инджылызыбзэмкІэ щезыгъаджэ Бетрожь КІуэнэ. Ар тедгъэпсэлъыхьащ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр къыщІыхиами нэгъуэщІ Іуэхуэхэми.

Къыхуащі дзыхьыр зыгъэпэж

Адэ-анэм яхэлъ хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ дэлпьей быныр езыр щапхъэ мэхъуж. Тэрч къалэм дэт «ПМК 6» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэу илъэс куэдкІэ лэжьа Гуэщ Іокъуэ Михаилрэ Тэрч налмэс Іэмэпсымэ заводым и лэжьакІуэу щыта Самарэрэ япхъу АфІэунэ Неллэ гъэзэгугъэлъагъуэ хуэхъуащ и адэ-анэрщ, абыхэм я лэжьакІэмрэ дуней тетыкІэмрэщ. Зи Іуэхум хэзыщІыкІ, сабийм и гъэсэныгъэм егугъу егъэджакІуэфІ дыдэхэр зэриІами Неллэ ирогушхуэ.

ТЭРЧ КЪАЛЭМ дэт школ №2-р кІыуха нэужь, Неллэ ятэ щыІэрэ Іэщ Іагъэм щызэрегъэзэщІ Самарканд (Узбекистан) къалэм дэт, Ерыскъыхэр зэрагъэхьэзырым щыхуагъасэ техникумым.

- Си адэр сыт щыгъуи хуеят медицинэ щІэныгъэ зэзгъэзэгъэтыну. Апхуэдэ дыдэу школым сыщІэзыгъэдж псоми дохутыр Іэщ Іагъэм къыщынэмыщІа, нэгъуэщІ къыхэсхыну зэи я пщІыхьапІэ къыхэхуагъэнтэкъым. АрщхьэкІэ еджапІэ щІэтІысхьэгъуэр къыщысым, дохутырым зеспщытыну мащІэу сытешыныхьыжащ. Техникумыр къэзуха нэужь, 1984 гъэм, Профсоюз Іуэхуэхэмкіэ школ нэхъыщхьэм (Москва къалэ) и экономическэ факультетым сыщІэтІысхьэри, ар къэзухащ, - жеІэ АфІэунэм.

Неллэ Тэрч къалэм къеГъэзэжри, Профсоюз Іуэхуэщ Іапі эм и район комитетым жэуап зыхь и секретару лэжьэн щыщІедзэ, иужькІэ Ди хьэуам и къабзагъэмрэ лъахэм и тепльэмрэ ягъэщІагъуэу, зыхуэзэ цІыхухэм зыщІамыгъэнщІу абыхэм я зэманыр ягъэкІуащ. Налшык къалэм щалъэгъуа тельыдджэхэм ящыщу ягу кІынэжащ «Сосрыкъуэ» шхапІэр. Ар ди Іуэрыуатэм къызэрыхэщыжьым теухуауэ зэрыщІэкІуэтІэжьым, езыхэми адыгэ уэрэдхэр абдеж щыжьаІащ.

Гъэщ Іэгъуэн куэд щалъэгъуащ Гуэл щхьэантІэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, Іуащхьэмахуэ лъапэм. Хэкур зэи зымыльэгъуар нэхъыбэти, ди Лъэпкъ музейр, бззэрым телъ фІыгъуэхэр, ерыскъым и къуэатыр, Хэкум и беягъэр зыхуагъэдэн къахуэгъуэтыртэкъым. ЗэрагъэщІэгъуэнур ящІэртэжьым къалэдэсхэр зэпІэзэрыту, кІий-гуэ уэрамхэм щызэхыумыхыу зэрызэпсалъэр.

Лосэн Тимур и «Бзэрабзэ» гупым и пшынальэхэм, Къэбэрдокъуэ Мурат и макъамэхэм ахэр ирагъэдэІуащ. Фащэр зэрызэрахьэм щІагъэдэІуащ, адыгэ джагу хэтащ. «Шагъдий» сабий ансамблир ильэситху зэрырикъум и щІыхькІэ Театр щхьэантІэм щекІуэкІа пшыхьым щеплъым, апхуэдэ щІэблэ Хэкум къызэрыщыдэкІуэтейм ахэр щыгуфІыкІащ.

Нэхъыщхьэ дыдэращи, Тыркум щылажьэ Бзылъхугъэ хасэм и мурадыр кьеХъулІащ: куэдыр яІущащ я лъэпкъэгъуэхэм, я Іыхьлыхэм, хэти зригъэлъэгъуащ лъэпкъкІэ зыщыщ къуажэр. Абыхэм яхэтт Шурдымхэ, Чылхэ, Жарыщтыхэ, Жудэхэ, Къанщауэхэ, Тхьэкъуаръуэхэ, Лъостэнхэ, Щоджэнхэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэми щыщхэр.

Зэманыр яхуримыкъуу, гъэнщІауэ екІуэкІащ. Налшык и зыгъэпсэхупІэ жыг хадэм иІэсэищэ бжыгъэ хъууэ ит жыгхэм деж къыщыізэтеувыІэурэ абыхэм Іэплі щІрашэкІырт, щежьэжьым щІым зрагъэзэныхьурэ ба хуащІырт... Иджыри зэ нэхъ мыхъуми кьытрагъэзэныр я хъуэпсапІэу ахэр лъэтэжащ. «Дыадыгэщ» щыжьаІэкІэ, иджы ди лъэпкъэгъуэхэм я псалъэм нэхъ купщІэ иІэнущ.

БАКЪ Зерэ,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Удамыхьэхынкіэ Іэмал иІэкъым

Бларамберг Иван *(къэхутакІуэ):* «Шэрджэс бзылъхугъэхэм, зэрыхабзэу, акъыл жан яІэщ, гурыщІэ кьабзэ ящІыф икІи яхэлъ хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ я напщІэ зэрытелъым гу лъыботэ. Ахэр Іэсэльасэщ, апхуэдэуи я щхьэгъусэхэм пщІэ хуащІ, абыхэм зауэм кьыщахьа ехъулІэныгъэхэм иропагъ. Шэрджэс бзылъхугъэхэр я дахагъэм кьыщынэмыщІа, пэжагъ зэрахэлъымкІэ цІэрыІуэщ, я щІыхьыр абы нэхъ ин ещІ.

Сталь Карл *(урысыдзыи и генерал):* «Шэрджэс бзылъхугъэхэм ягъэлъапІэр пщІэрэ лІыхъужьыгъэрэщ. ЦІыхухъум и тепльэ екІумрэ кьулеягъэмрэ абы зыми хибжэркъым, кьыплъхьэр мыхахуэмэ, и псалъэр мышэрыуэмэ, и цІэр фІыкІэ мыІуамэ».

Стрейс Ян Янус, *Голландием щыщ зыплъыхьакІуэ (1668, 1675 - 1676 гъэхэм Кавказым щыІащ):* «Шэрджэс бзылъхугъэхэр тхьэлъуудщи, дахагъэм и пщІалъэ бгъэльагъэ хуящІ. Уэс кьесагъащІэм хуэдэу ахэр хужьщ. Ауэ ар уи нэгу кьыззэрыщІэбгъэхьэнур епэр хужьыбзэмрэ роззмрэ зэхьыхьауэщ. Набдзэ кьурашэ псыгъэхэр шылэ Іуданэм хуэдэщ, сурытым тращІыхьами ярейуэ. Нэ пІащхэмрэ щхьэщ фІыцІэ еухуэнэхамрэ удамыхьэхынкІэ Іэмал иІэкъым. Я зыныГъыкІэр уардэщ, щыкІафІэщ».

Аушыджэр щыщ актрисэ

КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Къалэбэч (Ардавэхэ ихъуащ) Иринэ экстернэу курыт еджапІэр къэзыухахэм ящІщт. Налшык къалэм дэт Музыкэ учИлищэм зэрыщеджар гъуэгуанэшхуэм и щІэдзапІэ къудейти, Иринэ ГИТИС-м (Москва къалэ) музыкэ комедиемкІэ и факультетри къиухыжащ.

Аушыджэр щыщ актрисэ

Гуащэнэ - урыс пащтыхь гуащэ

● ТхылъыщIэ

Сэ1эбцокъуэ Нуриет

Мейкъуапэ щыIэ «Полиграф-Юг» ООО-м тхылъ гъэщIэгъуэн къыщыдэкIащ журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ Сэ1эбцокъуэ Нуриет и лэжьыгъэу. «Мария: черкешенка, царица русская» тхылъыр тхыдэ повестщ. Ар икIи гъэщIэгъуэнкъым - художественнэ тхыгъэ куэд щыIэщ мы зи гугъу тщIы лъэхъэнэмрэ абы зи щIэр къыхэнахэмрэ ятеухуауэ.

НэГЪУЭЩI лIащIыгъуэм псэуа и лъэпкъэгъу бзылъхугъэм дэфтэрхэм «я бзэ гъущэмкIэ» тетыхыхьфыну къыщIэкIынутэкъыми, Нуриет езым и лъагъуныгъэрэ гущIэгъуэкIэ игъэнщIащ къыIуэтэжыр. «Лъагъуныгъэр» гурыIуэгъуэщ къыздикIар: Къэбэрдейр зыгъэбыдэну яужь ит и адэм и гурыгъу-гурыщIэр къыгурыIуэу, «хьуэ» къыхэзымыгъэкIа пащащэм дауэ уримыпагэнрэ, фIыуэ умылъагъунрэ? «ГущIэгъу» псалъэр къыщыхэзгъэщар: пащащэм къалэныщхуэ и пащэм къыдэхуауэ хамэхэм къахэхутамэ, абы и щIыIужкIи бзылъхугъэм дежкIэ нэхъ шынагъуэ дыдэу къэхъункIэ хьунар - и бынар зэрыпIэжар - игъэбын хуей хьуамэ, дауэ уигу зэрыщIэмыгъунар?

Аращи, Нуриет, урыс пащтыхь гуащэм и ужьым иту «къикIухьым» хуэдэу, Идар Темрыкъуэ и Хэкум къокIуэ, Куржым и пасэрей щыхьэр Мцхетэ макIуэ, и адэ шыпхъум, куржы пщым и щхьэгъуэсэм и гъэфIэну илъэсипIкIэ абы щыIа Гуащэнэ и лъэ зытеуба къигъэнакъым, пащащэм куржыбзэмрэ латиньбзэмрэ щызригъэщIа Сомтаврэ бзылъхугъэ къулъшырыфым щыщIэкIыжу.

ТхакIуэм Идар Темрыкъуэрэ ар щыпсэуа зэманымрэ «я щыфэлIыфэм» къыщыщIедзэри, адыгэхэр Урысей къэралыгъуэм и тхыдэм къыщIыхэна Iэхуэгъуэхэр кьыззщIэкъуэжьымкIэ еух. Абы щыгъуэми, Гуащэнэ и нэIэ тригъэкIыркъым. И гугъу ещI пащащэр илъэсипIкIэ Куржым щыIауэ и адэм дежкIыщашэжьм иращIэкIа джэгум...

... Гуащэнэ зэрыпIейтейр и нэгум кьищу щытщ, къэфэну псори зыхэтыну удж хъурейр яухмэ, хьэщIэ лъапIэжьм ящыщ гуэрым кьыдэфэн зэрыхуейр ищIэу. Ар хабзэщ. ХьэтикIуэм Гуащэнэ утыкум ирегъэблагъэ, щIалэ хьэщIэм кьыдигъэфэну. Гуащэнэ и напIэр къыщIиIэтам, къыхэкIиикI пэтащ - убыхьпщ Дэгумыкъуэ Къаплъэнт и пащхьэм итыр. ИлъэситI и пэкIэ пащащэм ар Мцхетэ щилъэгъуат шууей зэпеуэм хэту. ЩIыпIэ хуэдэм кьикIа шууей ахъыРзэману 12 зэпеуатэ, 10-р уанэгум къриДзыфат афэ джанэ дахэ зыщыгъ, дыгъэм пэцIу бжы зыIыгъ а щIалэм. А зэхъэзэхуэр пащащэм игу кьинат. Иджы, мис, а щIалэм кьыдэфэнут. Гуащэнэ хуэзфIэкI къигъэнатэкъым, хабзэм тету, зэрыпIейтейм гу кьыльамытэу къэфэным зыхуигъэхъэзырын папщIэ.

ХьэтикIуэм джэгум хэтхэм захуигъэзащ: «Маржэ хъунхэ, дэ ди хьэщIэщ уфыхьипщ Дэгумыкъуэ Къаплъэн. Гу зэрыпкIуэцIыльым, зэфIэкI уэзрилэм, цIыхугъэрэ гъэсэныгъэрэ зэрыпхэтым, дунейм ехьажа уи адэм хуэфэщэн щIалэ уэзрыхьуам и зыгъэбарыр ди дежи къэсащ. Лыгъэ пхэтым хуэфэщэну, къэфэнымкIи уIэзэу пIэрэ? Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ дельэIунщ ди хьэщIэм «Ислъэмей» кьыздэфэну. Феуэт пшынэм!».

Нуриет и нэгу къыщIелъэхъэ а тIум я къэфэкIэр.

Идар Гуащэнэрэ Иван Епланэмрэ я ятеухуауэ.

Утыкум кьикIыжа иужькIэ, макъамэр зэхимыхыж, къафэхэр имыльагъу хуэдэу, пащащэр зэрыщытар, щIалэ екIур, нэмысифIэу къэфар, и гупсысэм кьыфIыхьхьэу.

Сэ1эбцокъуэ Нуриет адэкIэ гу лъыдегъатэ: зауэлI ухьижьэу, лIыгъэ пхэлъу ущытыныр адыгэ щIалэм дежкIэ мащIэт, пащащэм игу урихьин щхьэкIэ нэмыс пхэлъын, адыгэ хабзэм утетын хуейт, жеIэри. А хабзэхэм ящыщ зыт щIыуэпсым щысыхьрабгъу хууIэныр. ПIыр е щIалэщIэр ГъэугУ техьэмэ, ар ГъэугуанэI жьижьэ е ГъэнгъУ ирехъу, кьудамэ зыбжанэ кьыздищтэнрэ, здэкIуэм хисэнут. Зы гъатхи къанэртэкъым кьуажэм ини щIыкIуи дэкIыу бгыIуэ щIыпIэхэм жьыг щыхьамысэу. ЖьыщIэхэр гъэгубгъуэмрэ губгъуэхэмрэ щыхьасэрт. Адыгэ гъэгурыкIуэр мэзым щIэтми, гъбгъуэм итми, гъэугум тетми, гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ пэрыхьэту пхъэщхьэмыщхьэр игъуэтыри, мэжжлIэнутэкъым.

ЗищхьэмщIэхуэзэщIыжьэ зы адыгэ пащащи жьигипщI фIэкIа хэзымыса щIалэм пхудэкIуэнутэкъым. Арат Лыгъэ пхэлъым хуэфэщэну, къэфэнымкIи уIэзэу пIэрэ? Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ дельэIунщ ди хьэщIэм «Ислъэмей» кьыздэфэну. Феуэт пшынэм!».

Нуриет и нэгу къыщIелъэхъэ а тIум я къэфэкIэр.

Амирэ тыркухэм ядыгуэауи, Гуащэнэ и хьэщIэщым щIыхьэу абы епсэльэнуи хунэмысу, гъуэгу техьэжащ.

Кудэ мыщIэу Къэбэрдейм хъыбар гуаэу къэсащ - Дэгумыкъуэ Къаплъэн зэкIуэдащ, гъэрыпIэм ихуа и шыпхъур къатрихыжину щыкIуам.

Мыр Сэ1эбцокъуэм къигупсысам, зи ишэгъуэ хъуа пащащэр джэгум хьэкъу зэрыщытар гурыIуэгъэщIи, хэт жиIэфыну зыгуэр абы фIыуэ имылъэгъауэ? Кьыхэпхьм, гъусэ пщIым уи гъащIэр зэрыхьунур кьана щымыIэу зэрелытари хэкъкъэ?! Абы теухуауэ гуитI-щхьитI дищIын щхьэкIэ кьыщIэкIынщ Нуриет мы зи псэугъэхэр - Къаплъэнрэ Гуащэнэрэ - щIыззэхуигъэзар. Ауэ тхыдэм къэгъаэи телэ-зэщIыхьыжи иIэкъым, щхьэ Iэхуэхэмрэ къэзрэ Iэхуэхэмрэ кьалэн зыхуэхьахэм я дуней кьагъэщIэн хуеяуэ.

Абы щыхьэт тохьуэ пщI гуащэ Идар Айшэт и къуэрылъхуэм жриIар.

«Идархэ я нэхъыжьхэм я кэр хуэдрэ зэхэса, зэдауэ, зэчэнджэчэщэ нужь, арэзы техьауэ Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ тетыгъуэхэр щыхьыIугъэр благъэ зэхуэхъуным кьэралитIым я фейдэи зэрыхэлъым. Ахэр пщы гуащэ Айшэт къелъэIуащ Гуащэнэ епсэльэну, Урысейм и пащтыхьым щIратыр гуригъэIуэну.

Гупсысэ хэлъэхэм зэщIаубыда гуащэр нэху къеклащ и напIэ зэтримылъхьауэ, нэхъ жьыфэ кьытеуауэ. Ауэ, и къуэрылъхур кьыщыщIыхьам, ар зэуэ къэгугфIэжри, и нэгури нэхъ щIалафэ кьэхъужат.

- Гуащэнэ, си хьыджэбз щIыкIу, уи адэм и унафэр бжесIэн хуейщи, кьедаIуэ. Уэ кьэпщIоупщIэ урыс пащтыхь Иван, уи дэлъху нэхъыжь Сулътан анэмэту зыхуэдгъэкIуар. А пащтыхьым хуэзфIэкIащ пщыгъуэ щIыкIу-щIыкIуу гуэша Урысейр зы кьэралыгъуэу зэкъуигъэувэн. Ар зыхуэзфIэкIам кьаруи акъыли иIэщ, Iущщ. Урыс пащтыхьым и щхьэгъусэ ухъуну арэзы техьэу, уи адэми адыгэ лъэпкъми я зэфIэкIым хэбгъэхъуэну, я пщIэр кьэпIэтыну ухуеймэ.

Гуащэнэ и фэр пыкIащ, чэсейм хуэдэу. Епэрыфэ и нэшхуитIыр фIыцIабзэ хъуауэ кьыпщыхьурт. Абы ерагъкIэ кьиIущэщащ: «Си адэм жиIэмкIэ уэри уарэзыуэ ара? Нанэ-гуащэ, сыт мы къызэфщIэр? Сэ сыхуейкъым сыдэкIуэну. Фэри Iыхьлыхэри апхуэдиз илъэскIэ фызымылъэгъауэ сыкъэкIуэжа кьудейщ. Сыхуейщ си унэм сисыжыну».

Къэгубжьаифэ зытригъэуауэ гуащэр и кьуэрылъхум еплъащ, езыми и гур зэрыуэзыр зыкIи кьригъэщIэну хуэмейуэ. «Уэ пщым урипхъущ, Гуащэнэ. Лъэпкъым и сэбэп зыхэлъращ нэхъапэр, си псэ. Аращи, сыпщогугъ уи адэр бгъэгуфIэну. Тэмэму егупсыс. Уи адэр зэрумыгъэщIэхъунур си фIэщ мэхъу».

МАХУИЩ дэкIри, урыс пащтыхьым лъыхъу кьигъэкIуахэм жраIащ Идархэ я пхъур иратыну зэрыхьэзырыр, ауэ зы Iуэхугъуэ гуэркэр зэраухьлIэн зэрыхуейр. Я хьыджэбзыр иджыри зы илъэскIэ дагъэсхьыхьнущ. А пIалъэм кьриубыдэу урысыбзэ зригъэщIну, пащтыхь унэм щызекIуэ хабзэм, рус лъэпкъым и дунейр зыхуэдэм зыщигъэгъуэзэну Iэмал иIэнущ. Гуащэнэ щащэкIэ, щууей 1500-рэ дэщIыгъунущ, адыгэ, астрэхъан, нэгъуей, къэзакъ зауэлI защIэу. Ахэр Гуащэнэ и дэлъху нэхъыжь Мамсрыкъуэ, Бэлгъэрыкъуэ, Думэныкъуэ сымэ я малъхъэ астрэхъэн пащтыхь Бекбулатрэ абы и къуэ Саин-Булатрэ, я унафэм щIэтынущ».

Сэ1эбцокъуэ Нуриет и тхылъыр псом япэу зыхуэгъэзар щIалэгъуалэр арагъэнущ: ар зэхэлъха хъуащ кIэщIу, гурыIуэгъуэу, еджэгуафIэу, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ. Тхыдэр къэзыгъэщIыр езы цIыхухэр щыараКIэ, абы цIыхугъэр ебэкIын хуейщ - аращ Нуриет и тхыдэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэслъэгъуар, ди тхыдэм фIыуэ дыщыгъуэзэн зэрыхуейм и гугъу умыщIмэ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Гуащэнэ и мылъхукъуэхэу Иванрэ Фёдоррэ и гъусэу.

Марие мыхъуру къигъэсэбэну щыта Iэлъыныр.

Сыту IэфIт адэжь лъапсэр...

ИпэкIэ мэкIуатэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩышхьэуIум и 12-м. ЦIыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Стрельцов (Дон Iус Ростов), Харченкэ, Петров (тIури Астрахань)

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Б., Абазэ, Муслуев, Лелюкаев, Шахтиев, Ахриев, Каркаев (Мэшыкъуэ Хь., 89), Пащты, Медников (Алиев Р., 60), Магомадов, Гугуев.

«Биолог-Новокубанск»: Сиукаев, Янзин, Кучиев, Соколов Д. (Федосеев, 46; Гаврилов Е., 90), Дмитриенкэ (Борисов, 64; Колесников, 87), Гояев, Масютин, Селищев, Феоктистов, Малыш, Моисеев.

Дагъуэ къыхуащIащ: Моисеевымрэ Масютинымрэ.

Топхэр дагъкIащ: Гугуевым, 68 (пенальтикIэ) (1:0). Гояевым, 80 (1:1).

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» гъэ джэгуэгъэ къыззрыщIидзам къеГъэлъагъуэ етIуанэ дивизионым куэдрэ зыщIэжьи мурад зэримылъэр. ЕплIанэ джэгугъуэм ирихьэлIэу налшыкдзсхэм турнир таблицэм еплIанэ увыпIэр щалыгъэ, я хьэрухуэрэгъуэм худагъэкIа топийм и жэуапу я гъуэм къыдагъэкIыжар 3 кьудейщ. Биджий Хьэсэнбий и гъэсэнхэр хъарзынэу ипэкIэ щокIуатэ Урысейм и Кубокыр къэхъыным ехьэлIа зэпеуэми. ЯпэщIыкIэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-р хагъэщIащ, къыкIэлъыкIуэу «Ангушт»-м текIуащ. Прогрессым и команд-дэри ди щIалэхэм куэдкIэ къакIэрызуркъым - зэIущIым ящыщу тIум щытекIуащ, зым кьыщцыхагъэщIащ. ЕплIанэ джэгугъуэм и гъэ къэхуэу «Биолог-Новокубанск»-м и футболистхэм загъэпсэхуну зэман нэхъыбэ яIащ, Назаренкэ Леонид и гъэсэнхэр Урысейм и Кубокым щIэбэнхэм яхэткъыми.

Жьыджэрагъэшхуэ хъамыгъэлъагъуэу гупхэм зэпэщIэтыныгъэр ящыщIадзащ. Топыр нэхъыбэрэ здащцIэр джэгуплIэ губгъуэм икурат. Iэмал къакухъуэкIмэ, контратакэ закъуэтIакъуэхэр къыззрагъэпэщ мыхъумэ, дэтхэнэ командэри бжыгъэр псынщIэу къызэрызэIуихыным хущIэкъуу пхужьIэнутэкъым. Махиущ ипэкIэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм ирегъэша налшыкдзсхэм я къарур зэрахъулэным иужь итт. И лъэныкъуэмкIэ зыщызыгъэбыда «Спартак-Налшыкым» екIуэлIанIэ хуагъуэтыртэкъым прогрессдзсхэми. Апхуэдэурэ, бжыгъэр къызэIуамыхауэ, япэ Iыхьэм хухаха зэманыр и кIэм нэблэгъащ.

Загъэпсэхуа нэужь «Спартак-Налшыкым» зэIущIэр нэхъ жыджэру къыщIидзэжащ. Магомадовымрэ Гугуевымрэ хьэщIэхэм я гъуэм щIэх-щIэхыурэ екIуалIэрт, ВадзыхэкIэ ебгъэрыкIуэныгъэм хуэфэщэн кIэух ирагъэгъуэтыфыртэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым «Биолог-Новокубанск»-м и гъащIэхэтым хуэкIуэ Гугуевым Масютиным хабзэр къыззэпиуду фIэкIа къыхуэгъэзыуIакъым. Ар судьям гулъытэншэу къигъэнакъым - пенальти. Езым къипэжыжа пенальтир Iэзэу Магомед игъэзэщIащ икIи хэгъэрейэр япэ иригъэщащ - 1:0.

Футболеплъхэр куэдрэ ежьажьмэ хьэщIэхэм я жэуапым. Дакъикъ 12 нэхъ дэмыкIыу Гояевым бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ - 1:1. Нэхъ лъэщыр зэIущIэм щызэхэмыкIауэ гупхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу иужьу зэхэта джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Армавир**» (Армавир) -**2**:**1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Кубань-2**» (Краснодар) - **1**:**0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **1**:**0**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Динамо**» (Ставрополь) - **3**:**1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Академия**» (Дон Iус Ростов) - **0**:**0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **0**:**1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **2**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» Мэхъэчкъалэ щригъэкIуэныщ. ЩышхьэуIум и 19-м ди щIалэхэр IущIэнущ «Легион-Динамо»-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Армавир»	4	3	0	1	8-3	9
2. «IэфIыпс»	3	3	0	0	4-0	9
3. «Спартак-Налшык»	4	2	2	0	9-4	8
4. «Биолог-Новокубанск»	4	2	1	1	4-3	7
5. «Ангушт»	4	2	1	1	5-4	7
6. «Чайка»	4	2	1	1	3-2	7
7. «Черноморец»	4	2	1	1	4-3	7
8. СКА-Дон Iус Ростов	4	2	1	1	10-6	7
9. «Краснодар-2»	3	2	0	1	9-4	6
10. «Дружба»	3	1	1	1	4-4	4
11. «Анжи-2»	3	1	1	1	3-3	4
12. «Легион-Динамо»	4	1	1	2	5-7	4
13. «Динамо-Ставрополь»	4	0	2	2	6-11	2
14. «Академия»	4	0	2	2	3-10	2
15. «Спартак-Владикавказ»	4	0	1	3	3-6	1
16. «Мэшыкъуэ-КМВ»	3	0	1	2	0-3	1
17. «Кубань-2»	3	0	0	3	2-9	0

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ФщIэн папщIэ

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм Лицензэ-хуит зыщI лэжьыгъэмкIэ и центрым хъыбар фегъащIэ Урысей Федерацэм цIыхухэм, зи кьулыкъыкIэ къагъэсэбэныну Iэщэ зиIэн хуейхэм, абыхэмрэ щэхэмрэ зэрызэрахьапхъэр зыубзыху хабзэм ипкъ иткIэ, Iэщэ зиIэхэм ар хъумэнымкIэ икIи къехьэкIынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и пIалъэр икIынымэ зы мазэ иIэу, хабзэм къигъэув дэфтэрхэр Iэщэр учётым здэщыт Лицензэхуит зыщI лэжьыгъэмкIэ Iэнатlэм Iэрагъэхьэн зэрахуейм кIэ.

И чэзум Iэщэр егъэтхыжыныр уэим зыщIыр УФ-м и КоАП-м ипкъ иткIэ административнэ жэуапым ирашэлIэнуц, Iэщэр кьытраклынурэ къуэдыуэ сом мини 3-м нэблагъэ тралъхьэнущ.

ФыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 49-56-13, 49-56-07.

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм СМИ-хэм пыщIауэ щытынымкIэ и къудамэ.

Гъэпцlагъэм фIы кърикIуэркъым

Республикэ МВД-м езым я шынагъуэншагъэмкIэ и Iэнатlэм щызэхуахьэса дэфтэрхэм япкъ иту, ДПС-м и инспекторым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Полицейхэм абы шэч хуащI и кьулыкъур къигъэсэбэпауэ.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и инспекторым КъБР-м щыпсэу цIыхубзым гъэпцIагъэкIэ сом мин 18 кьыIихащ, шофёр тхылъыр экзаменныншэу кьратынымкIэ дэIепыкъуну къигъэгугъэри. Полицейм ахъшэр къигъэсэбэпащ езыр зэрыхуейуэ.

Урысейм и Следственнэ комитетым СледствэмкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм ДПС-м и инспекторым теуха уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм кьыщыгъэзыгъуэ щIэнэ хьэджагъэ, (гъэпцIагъэ), илъэкъуэ. Ар илъэсихым нэблагъэкIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iанlэ.

Трейлраннинг

Дуней псом щыщ спортсменхэр хэту

Щыщхьэуlум и 3 - 5-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ трейлраннингымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ, Elbrus Word Race зыфIащар. Абы хэтащ къэрал 23-м къикIа цIыху 800-м щигъу.

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ спортсменхэм кьыхахыну Iэмал яIащ кьыззгъэпэщкIуэхэм хуагъэхьэзыра лъагъуитхум ящыщ зыр. И гугъуагъым елъытат дэтхэнэми кьихьыну очко бжыгъэр. Нэхъ кIыхь дыдэу икIи нэхъ лъагэу щытащ Elbrus Race лъагъуэр. Абы километри 112-рэ и кIыхьагъ икIи метр 5070-кIэ зыпIэтын хуейт. Нэхъ тынш дыдэм ирикIуахэм кьызэпачащ километр 11, бгы зыдэкIам и лъагагъэр метр 1840-рэ мэхъу.

Трейлраннингыр - ар уэзрыхуейм хуэдэу е зэхьэзэхуэ гуэрым уэзту бгым кьыщыжьхьын спорт лIэужьыгъуэщ. Европэм, Америкэм, Азием кьыхьэ хуэралхэм а спортым зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтащ. Elbrus Word Race зэхьэзэхуэм мы гъэм хэтащ Урысейм, США-м, Франджым, Германием, Испаниеи, Португалием, Италием, Швейцарием, Польшэм, ЮАР-м, нэгъуэщI къэралхэми кьикIа спортсменхэр.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхьы секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; здэсэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редакторыу* **Хьэжыкъарэ Алик**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №1023